



Èske w bezwen enskri nan yon lekòl?

Nou gen yon plas pou ou.



Pwogram pou debitan

3-K AK PRE-K

KONDISYON POU ELIJIB

- ☐ Elèv ka enskri nan 3-K nan ane kalandriye kote y ap gen laj twazan.
- ☐ Elèv ka enskri nan pre-K nan ane kalandriye kote y ap gen laj katran.
- ☐ Kèk pwogram 3-K ak pre-K ofri swen ak edikasyon pandan tout ane a pou jiska 10èdtan pa jou pou elèv ki kalifye dapre revni ak bezwen fanmi yo.

KÒMAN POU ENSKRI

- Fami ka gade opsyon yo sou entènèt lè yo ale sou **MySchools.nyc** pou jwenn aksè nan anyè 3-K ak Pre-K yo.
- Nan chak anyè, itilize filtè ki gen tit "Need a seat for this school year?" (Bezwen yon plas pou ane lekòl sa a?) pou wè ki lekòl ki ka gen plas disponib.
- Asire w ou mete adrès ou pou jwenn lekòl ki toupre lakay ou.
- Ou ka kontakte lekòl yo dirèkteman pou konfime si gen plas ki disponib epi enskri.
- Pou plis enfòmasyon ale sou **schools.nyc.gov/3K** oswa **schools.nyc.gov/PreK**.



Lekòl primè jiska lekòl presegondè

JADENDANFAN-KLAS 8YÈM ANE

KONDISYON POU ELIJIB

- ☐ Elèv ka enskri nan kindergarten nan ane kalandriye kote y ap gen laj senk lane a.
- ☐ Elèv ka enskri nan klas premye ane nan ane kalandriye kote y ap gen laj sizan.
- ☐ Elèv ki bezwen enskri nan klas 2yèm jiska 8yèm ane.

KÒMAN POU ENSKRI

- Chèche konnen si w gen yon lekòl ki pou zòn ou an lè w ale sou **schoolsearch.schools.nyc** epi mete adrès ou a oswa rele **311**.
- Ou gen yon lekòl zòn (zoned school)? Enskri dirèkteman nan lekòl sa a; chèche konnen kòman pou fè sa lè w kontakte yo oswa pase nan lekòl yo.
- Ou pa gen yon lekòl sektè? Kontakte lekòl yo dirèkteman oswa ale nan yon sant byenveni pou fanmi (Family Welcome Center, FWC). Pou plis enfòmasyon, ale sou **schools.nyc.gov/FWC**.



Lekòl segondè

KLAS 9YÈM–12YÈM ANE

ELIJIBLITE

- ☐ Elèv ki bezwen enskri nan klas 9yèm jiska 12yèm ane.
- ☐ Elèv ki gen omwen 15 lane ki pa gen okenn dosye akademik resan ka enskri nan lekòl segondè.

KÒMAN POU ENSKRI

- Kontakte yon Family Welcome Center (FWC) pou enskri. Pou plis enfòmasyon, ale sou schools.nyc.gov/FWC.
- Prepare dokiman sa yo:
 - Prèv laj pitit ou a (batistè pitit ou a, paspò, oswa dosye batèm li),
 - Dosye vaksinasyon pitit ou a (si l disponib)
 - Dènje kanè/relvenòt pitit ou a (si l disponib)
 - De dokiman ki montre prèv adrès—w ap jwenn egzanp dokiman yo aksepte nan on.nyc.gov/RegistrationChecklist

Fanmi ki abite nan lojman tanporè pa oblije pote okenn dokiman pou yo enskri. Pou w konnen si sa konsène w, ale sou schools.nyc.gov/STH.

Ap chèche opsyon pou timoun ki gen laj 6 semèn jiska 2 lane?

Pwogram pou tibebe ak timoun piti pandan tout ane a disponib pou timoun ki gen laj 6 semèn jiska laj 2 lane, pou jiska 10èdtan pa jou. Yo baze kondisyon pou elijib yo sou revni ak bezwen fanmi an. Pou jwenn plis enfòmasyon ale sou on.nyc.gov/BrightStarts.

Ap aplike pou pwochen ane lekòl la?

Si w ap chèche yon lekòl pou pwochen ane lekòl la, ou ka voye yon aplikasyon ale pandan peryòd aplikasyon an pou nivo klas sa yo: 3-K, Pre-K, kindergarten, sizyèm ak nevyèm ane. Nan moman sa a, ou ka ale sou MySchools.nyc pou jwenn aksè nan anyè sou entènèt la ak pòtal aplikasyon an.

Jwenn enfòmasyon ki pi resan sou kòman pou aplike nan schools.nyc.gov/Admissions.

